

Kiltivasyon Kounya

Defi ak okazyon agrikòl pou rekonstriksyon Ayiti



Aprè tranblemanntè 12 Janvyè 2010 la, yon gwo kantite deplase al rete nan La Vale Atibonit . Kèk moun rive jwenn travay sou kèk plantasyon. Credit: Oxfam America/Ami Vitale.

Menm anvan gwo tranblemanntè ki te pase 12 Janvyè 2010, Ayiti te yonn nan peyi ki te pi pòv e ki te pi manke manje nan lemond. Yon majorite nan tout Ayisyen ap viv nan zòn riral e yo depan sou agrikilti, men ni leta ni kominote entenasyonal la pa't janm bay agrikilti enpòtans, sa vinn pi majinalize mounn andeyò yo. Liberalizasyon kòmès mete kiltivatè yo nan konpetisyon avèk ekspòtasyon diri sibvansyone Ameriken epi ekspoze konsomatè yo a pri manje global k'ap chanje de tan za tan. Agrikilti dwe gen yon plas santral nan rekonstriksyon an, avèk yon konsantrasyon pou amelyore kapasite ti kiltivatè yo pou yo ka gen aksè sou resous, e sa k'ap ogmante lajan ak pwodiksyon yo, patikilyèman rekòt manje yo. Atansyon ijan nesèsè pou ranvèsè degradasyon resous natirel yo.

Leta Ayisyen elabore yon plan konplè pou rekonstwi sektè agrikòl la. Plan an ka vinn pi solid si gen plis atansyon sou ròl fanm genyen nan agrikilti ak sekirite manje, ranfòse kapasite òganizasyon nan seksyon riral yo, e desantralize pwovizyon sevis. Donatè yo dwe prese pou yo bay ase resous pou ekzekite plan an, epi yo dwe asire yon pi bon koneksyon ant asistans devlopman ak politik kòmès yo. Plis antansyon sou agrikilti nesèsè pou ede reyalize objektif rekonstriksyon alontèm e akoutèm Ayisyen genyen.

Rezime

Gwo tranbleman tè a ki te frape Ayiti 12 janvye 2010 devaste ni seksyon riral yo ni seksyon iben yo, li detwi rekòt, plantasyon, ekipman, ak enfrastrikti. Efè endirèk tranblemantè a te touche preske tout kwen, kòm 600,000 moun al rete nan pwovens. Sa vinn ògmante presyon sou resous alimantè, gaz, louwil ak chabon. Avan tranbleman tè a sou chak dis moun sis ladan yo te soufri ensekirite alimantè (gwangou), depasman sa fè'l vinn pi grav.

Tout moun dakò ke rekonstriksyon an dwe konsantre sou agrikilti. Majorite Ayisyen ap viv nan seksyon riral yo e yo depann sou agrikilti pou yo viv. Men devlopman agrikilti ap konfronte anpil gwo difikilte: neglijan leta ak donatè yo, degradasyon teknolojik, pozisyon dominan diri bapri Ameriken nan mache Ayisyen an, mank kredi ak sèvis ekstansyon, yon enfrastrikti fèb, ensekirite fonsye ak prije kont abitan yo nan sistem fonsye ak legal yo, yon depandans sou manje enpòte ak èd manje, ak pwosyon agrikòl san valè.

Relasyon ant leta ak sitwayen yo fèb: koripsyon, neglijan, ak paspouki anvè boujwazi a fè anpil abitan pa fè leta konfyans. Anpil fwa komite yo k'ap pran desizyon nan peyi pa koute vwa pòv yo. Sepandan, depi 2006, leta ansanm ak donatè yo te komanse mete plis atansyon sou agrikilti epi koute sa sitwayen yo panse.

Repons imanité imedyatman apre tranbleman tè a te favorize èd manje ki te soti nan lòt peyi, malgre te gen kèk donatè te ensiste achte nan men pwodikte lokal yo. Gwo distribisyon angrè, zouti, ak semans, te fèt nan zòn tranblemantè a epi tou yo te bay moun ki te gen moun deplase k'ap viv lakay yo pou ògmante rekòt 2010 la, menmlè donatè yo pa't bay ase pou asiste tout fanmi yo te vle bay yo.

Leta Ayisyen devlope yon gwo plan k'ap koute \$772m (milyon dola) pou rekonstwi sektè agrikòl la. Plan sa ap konsantre sou enfrastrikti, ogmantasyon pwodiksyon dirab, devlope tout mwayen ki ka fè pwodwi yo gen plis valè, ak bay sevis nan zòn riral yo. Anplwaye yon prinsip efektiv ki di ke moun k'ap jwenn èd yo dwe santi ke yo se mèt pwojè yo, donatè yo dwe sipòte plan nasyonal yo ki te devlopoe apre anpil chita pale avèk sitwayen yo, men jis kounye-a, kominote entenasyonal la pako bay tout resous yo te mande'l.

Leta Ayisyen dwe mobilize tout resous nasyonal nesèsè ke plan an mande. Ekzekisyon plan sa dwe konsantre sou ogmantasyon lajan ansanm ak pwodiksyon ti kiltivatè yo, espesyalman nan sa ki konsène pwodiksyon rekòt manje. Epi tou leta dwe:

1. Ekzekite desantralizasyon administratif ak fiskal (finans), sou tout nivo avèk enstitisyon reprezantatif leta;
2. Ankouraje etablisman komite yo ki gen ladan yo ofisye eli ak reprezantan sosyete sivil pou yo planifye e jere inisyativ devlopman lokal yo;

3. Etabli yon bon sistem pou vwa ekilibre pou kontwòle koripsyon nan tout nivo leta;
4. Kòm yon premye pa pou bay moun k'ap travay tè yon sikrite dirab sou tè yo, asire ke sistem legal (jistis) rekonèt Kreyòl ak Fransè kòm lang ofisyel peyi a epi tou bay tuot sitwayen k'ap viv nan zòn riral yo asistans legal pou yo ka jwenn aksè sou la jistis lèke yo nan diskisyon, espesyalman diskisyon sou zafè tè;
5. Sipòte jèfò abitan/kiltivatè yo, pòv yo, ak fanm yo ki nan zòn riral yo fè pou yo ka devlope òganizasyon reprezantatif ki fò;
6. Fòm politik agrikòl epi bati pwogram ki konsidere tout wòl diferan gason ak fi nan travay sa yo, epi sipòte fanm yo nan wòl yo sou mache agrikòl la;
7. Mete tè leta an pwodiksyon nan fason ki klè, swa an fèm yo swa anplwaye moun ki pou travay yo pou lajan;
8. Retabli rezo sant rechèch agrikòl desantralize yo, ekstansyon, ak sant fòmasyon yo, epi konsilte avèk kiltivatè yo;
9. Asire ki ti kiltivatè yo gen aksè sou kredi;
10. Reyabilite epi agrandi enfrastruktir riral, patikilyèman wout ak travay irigasyon;
11. Fe bon jèfò anviwònman dirab e ki k'ap redwi danje dezaz; mete aksan sou rebwazman, jesyon basen vèsan, ak pwomosyon fou ekonomik.

Anplis, leta dwe fè swen sante ak edikasyon disponib nan zòn riral yo epi fasilite kreyasyon travay ki pa nan kiltivasyon, tou sa pou fè zòn riral yo yon kote moun te ka anvi rete.

Alontèm, leta ak sosyete sivil la dwe dialoge pou yo ka balanse politik komès ak taks pou ke yo ka pwoteje kiltivatè Ayisyen yo e an mèm tan pou konsomatè yo ka jwenn pri manje nan yon nivo y'ap ka achte.

Sou bò pa yo, donatè yo ansanm avèk enstitisyon finasye entènasyonal yo dwe:

1. Bay agrikilti ak sekirite manje priyorite epi aliye strateji yo avèk Plan Nasyonal Envestisman Agrikilti a ansanm avèk objektif agrikòl ak riral ki te deja mentyone, epi bay resous ki nesèsè pou reyalize plan sa;
2. Finanse acha èd manje lokal lè li posib, selon bezwen ak kondisyon mache lokal yo;
3. Bay asistans sou fòm don, e pa sou fòm prèt;
4. Kreye fason pou entegre sosyete sivil la nan deba sou strateji devlopman;
5. Adopte yon sistèm ki ka rann moun yo responsab, ki ka pèmèt yo evalye pwomès ak kontribisyon tout moun te di y'ap pou amelyore sekirite manje.

Donatè yo dwe asire gen yon koneksyon ant politik èd ak politik komès yo. Pou sa ka fèt, Lètazini dwe:

1. Retire Ayiti nan Amandman Bampèz la (the “Bumpers Amendment”); se yon amandman ki entèdi asistans nan pwodiksyon rekòt manje (tankou diri, mayi, ak pwa) ki kapab antre an konpetisyon avèk ekspòtasyon Ameriken;
2. Refòme politik ki genyen nan zafè komès diri entènasyonal ki vinn fè gen twòp diri etranje nan mache Ayiti. Sa vinn yon pwoblèm to pwodiktè Ayisyen yo ; epi
3. Bay ekspòtasyon Ayisyen yo aksè sou mache Ameriken an san limit e san taks.

Entwodiksyon

Plizyè gouvènman Ayisyen ak kominote donatè an gen anpil tan depi y'ap fè neglijan ak agrikilti Ayisyen. Alòske majorite Ayisyen kontinye ap viv nan seksyon riral yo e lavi yo depann sou agrikilti.

Zòn andeyò yo vinn meprize akòz mank atansyon sou devlopman riral yo. Ayiti se yonn nan peyi nan lemonn kote ki genyen plis povwete ak gwangou. Pifò kiltivatè gen selman yon ti moso tè epi yo pa gen sekirite sou tè yo. Moun nan zòn riral yo bezwen òganizasyon solid ki k'ap pale sou pwoblèm yo lè gen deba politik k'ap fèt, e ki ka ògamante byenèt ekonomik yo.

Sou presyon donatè yo, leta Ayisyen te bese taks agrikòl yo pi ba pase tout peyi vwazenaj nan Karaib la. [Manche a vinn lib.] Liberalizasyon komès vinn fè peyi a depann anpi sou pwodi enpòte e li vinn sensib ak pri pwodwi lemonn ki pa stab, sa vinn ekspoze kiltivatè Ayisyen yo a yon konpetisyon fò avek ekpotasyon diri ba-pri Ameriken.

Gwo tranblemantè ki te frappe Ayiti 12 Janvyè 2010 la te fè anpil dega nan zòn metwopolitèn Potoprens ak lòt vil ankò. Tranbleman an detwi plizyè pati nan seksyon riral Ayiti. Li detwi jaden, kay depo, ekipman, ak enfrastrikti. Efè endirèk tranblemantè a te touche preske tout kwen peyi a, kòm 600,000 moun te kite zòn ki te afekte yo pou y'al rete ak fanmi oubyen zanmi yo andeyò. Gwo depasman sa-a vinn fè gen plis ensekirite manje ak demand bwa pou fè dife e sa vinn fè ki forè Ayiti ap diminye.

Si rekonstwiksyon aprè tranblemantè a ap fèt pou'l fasilite yon devlopman dirab, diminye la mizè, ak pou'l bay sekirite manje nan seksyon riral ak vil yo, li dwe bay agrikilti anpil enpòtans. Tout jèfò dwe konsantre sou fason pou amelyore kapasite ti kiltivatè yo pou yo ka gen aksè sou resous, e se sa k'ap ogmante lajan ak pwodiksyon yo, patikilyèman rekòt manje yo. Rekonstwiksyon an dwe konsantre sou restorasyon resous natirel peyi d' Ayiti ki finn degrade.

Leta Ayisyen te devlope yon plan rekonstwiksyon agrikòl ki ap koute \$772m (milyon dola), l'ap konsantre sou amelyorasyon enfrastrikti, ogmantasyon pwodiksyon, devlope mwayen ki ka fè pwodwi yo gen plis valè (value chains), ak ogmante sevis nan zòn riral yo. Jiskaprezan, kominote entènasyonal la pako dakò pou li bay tout resous yo mande li. Si plan sa ekzekite konplètman, l'ap ka pèmèt inityativ lokal vinn pi gwo pou yo ka: bay kilivatè yo – fanm kou gason – pouvwa ekonomik; asire ke gen (vwa) transparans ak responsablite nan desizyon k'ap sou agrikòl; desantralize pwovisyon sèvis riral pou yo ka reponn plis ak bezwen kiltivatè e ak lòt moun malere nan zòn riral yo; epi tou kreye ankourajman pou moun ka viv ak travay nan zòn riral yo.

Etid sa fè yon ankèt sou istwa neglijan riral avan tranblemantè a, ki konsekans tranblemantè a genyen sou zòn riral yo ak repons imanité, plan rekonstwiksyon, ak plan devlopman riral ki gen anpil promès. A la fen, etid la ap fè kèk rekòmandasyon pou gouvènman Ayisyen ak donatè yo ki pou ka ede yo asire ke agrikilti ap vinn yon priyorite nan deba nasyonal, e sa ap baze sou yon manyè d'ap gen rann kont devan tout sitwayen Ayisyen.

Yon eritaj agrikòl de inyorans, dekapitilizasyon, ak degradasyon

Nan Ayiti yo wè agrikilti tankou yon bagay konplike. Sou yon bò, kòm Bank Mondyal la di, agrikilti se aktivite ekonomik ak sosyal ki pi enpòtan nan peyi a.¹ Majorite ayisyen (55 pousan) ap viv nan seksyon riral,² epi agrikilti anplwaye plis pase mwatye travayè nasyonal yo (75 pousan ayisyen ki gen yon ti salè).³ Byenke pi fò aktivite ekonomik yo te diminye de 50 pousan nan ane 1960 yo,⁴ agrikilti toujou responsab pou 28 pousan pwodwi domestik.⁵ Malgre agrikilti jwe yon wòl santral nan vi pi fò ayisyen, gouvènman an ak donatè yo pa janm bay agrikilti anpil enpòtans nan 50 ane ki sot pase.

Ekstrè ak neglijan

Fanmi Duvalier, ki te dirije peyi an de 1957 jiska 1986, te santralize pouvwa politik ak aktivite ekonomik nan Potoprens, epi tou sa te fè zòn riral yo sibi opresyon ak anpil taks, lèfini pate genyen apil investisman piblik pou devlopman agrikilti.⁶ Koudeta Jan Klod Divalye [Jean Claude Duvalier] nan ane 1986 pat ranvèse move politik agrikòl sa a. Olye te gen yon ranvèsman, peyi a te vinn sibi yon peryòd ensabilite politik ak dekapitilizasyon riral. Le yon koudeta te retire Prezidan Jan Bètran Aristid [Jean Bertrand Aristide] sou pouvwa nan ane 1991, kominote entenasyonal la te mete yon anbago sou peyi a ki te agrave mizè nan seksyon riral yo. Aprè retou Aristid avèk sipò militè Ameriken, donatè yo te bay Aristid anpil presyon. Mèm Letazini ak Bank Mondyal te bay li presyon pou li ouvè mache Ayisyen bay ekonomi mondyal la.⁷

Liberalizasyon Komès: Mache sou yon baliskad (a tigh trope) san Pwotèj

Aristid te aksepte sa donatè yo te mande'l epi preske imedyatman Ayiti te vinn youn nan mache pi lib nan lemonn. Gouvènman an te desann taks sou diri enpòte de 50 pousan jiska 3 pousan (konpare ak taks nan peyi Karaib yo ki te 38 pousan).⁸ Sependan, chanjman politik sa pa't fè anyen pou diminye konsekans lan pou kilivatè Ayisyen yo. Pa't gen èd tankou sipò pwodiksyon ni pwogram sekirite ki te pou soulaje pèt lajan yo te soufwi akòz chanjman sa yo.⁹

Liberalizasyon komès diminye endepandans manje anpil. Malgre konsomatè yo benefisye paske yo vinn gen plis aksè a diri enpòte ki ap vann a meyè mache, toujou gen yon preferans pou pwodwi lokal.¹⁰ De ane 1990 jiska 1999, pwodiksyon diri Ayisyen an tombe preske a mwatye; mèm si li te fè yon ti reprann li nan denye ane yo, pwodiksyon mwayen nan fen ane 2000 yo toujou rete 6 pousan pi ba ke nivo li te ye nan ane 1980 yo.¹¹ Yon peyi ki te preske endepandan sou kantite diri li te konn pwodwi nan 1980, jodi a Ayiti enpòte 80 pousan

diri'l bezwen, epi 60 pousan tout pwovisyon manje sot nan peyi etranje.¹² Pwodiksyon jaden nan peyi a desann rapidman, 0.9 pousan chak ane depi ane 1995.¹³

Bil Klenntonn [Bill Clinton] – prezidan Ameriken ki te bay Ayiti presyon pou li diminye taks, ki kounye a ap sèvi kòm Envwa Espesyal Ayiti pou Nasyonzini epi kòm prezidan adjwen Komisyon Enterimè Remonte Ayiti-rekonèt denyeman ke aksyon sa li te fè Ayiti fè te ede kilivatè Ameriken yo sou do kiltivatè Ayisien yo:

*'Pètèt sa te bon pou kiltivatè'm yo nan Arkansas, men li pat mache. Li te yon erè... Chak jou mwen viv ak konsekans kapasite pou pwodwi diri nan Ayiti pou bay moun yo manje ki pedi akòz de sa mwen te fè.'*¹⁴

Kiltivatè Ayisyen pa te vwèman gen benefis; lè pri diri mondyal te monte senk fwa lavalè pandan 2007 ak 2008, mache ouvè Ayiti an te pran tout shòk yo. Manifestasyon te fèt nan tout peyi a, e nan Pòtoprens kote politik la pi konsantre, manifestasyon yon te vinn vyolan.¹⁵

Nan "2009, 611 kiltivatè diri Ameriken te resevwa sibvansyon leta ki te 20 fwa plis pase èd agrikòl Etazini te bay Ayiti, yon peyi ki genyen 1 milyon fanmi k'ap travay la tè"¹⁶. (Gade premye bwat la). Ayiti se twazyèm pi gwo mache pou ekspòtasyon diri Ameriken aprè Japon ak Meksik.¹⁷

Tab 1: èd Ameriken pou agrikilti, lakay yo, epi an Ayiti, 2009

Total èd Lezetazini bay Ayiti: \$353m

Nan montan sa; èd agrikòl: \$22m (6 pousan total la)

Nan montan sa, èd alimantè (18 pousan total la).¹⁸

Peman total kiltivatè diri Ameriken te jwenn: US\$434m.¹⁹


Sibvasyon ede Lezetazini - nimewo senk nan espotasyon diri-pran 16 pousan sou mache global diri an ki vini a \$11bn

Pliske kiltivatè Ayisyen yo pa't kapab fè konkirans ak diri enpòte ki t'ap vann ba pri, anpil kiltivatè vinn oblije ki andeyò, sa se yon mouvman ki te komanse nan epòk Duvalier.²⁰ Preske 75,000 moun antre Pòtoprens chak ane. Yon vil yo te fè pou 250,000 rezidan, te vinn gen preske 3 milyon moun ladann'l lè tranbleman 2010 la. Anpil nan moun sa yo t'ap viv nan bidonvil tankou Site Soley. Yo pa te genyen amenajman tankou twou rego ak dlo pòtab. Travay ank edikasyon yo te panse yo t'ap jwenn nan kapital la vinn tounen yon ilizyon pou anpil nan moun sa yo.²¹

Agrikilti te toujou rete senz enpotans mèm lè yon nouvo milèn te rive. Ant 2000 ak 2005, gouvènman Ayisyen bay sektè agrikòl la selman 4 pousan nan bidjè nasyonal la.²² Anmèm tan, èd pou agrikilti te selman 2.5 pousan nan tout asistans devlopman Ayiti te resevwa.²³

Nan premye bwat la nou ka wè ke depi ane 1990 yo èd a manje depase montan èd agrikilti.

Figure 1: èd alimantè ak èd agrikilti an Ayiti (2008 \$m)²⁴



Source: Organisation for Economic Co-operation and Development

Majinalize pwovens yo

Tout faktè sa yo vinn fè seksyon riral Ayiti yo pi pòv. Preske 90 pousan Ayisyen nan zòn andeyò yo ap viv nan mizè (sou ekivalan mwens ke 2 dola pa jou), ak de ka ki konsidere kòm vreman malere (y'ap viv sou mwens ke \$1 dola pa jou). Sa depase pousantaj pòv yo nan peyi ki ekstrèmman pov an Afrik tankou Tchad ak Nijè.²⁵ Preske 80 pousan Ayisyen ki ekstrèmman pòv ap viv nan seksyon riral yo.²⁶ Mwayen lagè jaden yo se 1.5 ekta.²⁷ Tradisyon pataje tè ant timoun yo lè mèl li mouri se youn nan rezon tè vinn divize pa ti mòso ke yo rele *mouchwa*. Tandans sa vinn konpanse paske de jou an jou anpil mounn ap kite andeyò pou y'al lavil, epi tou ak yon koutim lè jen fi yo marye y'al rete kay mari yo e yo bay frè yo tout tè yo te dwe eritye.²⁸

Ayiti se youn nan kote ki gen plis ensekirite manje nan lemond, ak 58 pousan nan popilasyon an manke yon aksè sifizan sou manje. Se sel Bouwandi, Repiblik Demokratik Kongo, ak Eritrea ki gen yon pi gwo pwopòsyon mounn k'ap viv nan gwangou.²⁹ Malnitrisyon kwonik sa siprime yon timoun nan chak kat timoun nan seksyon riral yo, montan sa monte jiska 28 pousan. Twa nan chak senk timoun epi preske mwaye fanm anemik, le pli souvan akòz rejim ki manke fè. Mèmlè pwoposyon sa a yon ti jan pi ba nan seksyon riral yo, men li toujou wo.³⁰

Non selmn Ayiti se youn nan peyi ki pi pòv nan Emisfè Oksidantal, men sitou li se youn ki gen yon distribsyon revni (lajan) ki pi inegal, kote 40 pousan moun ki pi pòv yo ap resevwa selman 6 pousan revni nasyonal la, epi 20 pousan moun ki pi rich yo ap resevwa 68 pousan. De pousan moun yo ki pi rich nèt yo reklame 26 pousan revni nasyonal la poukont yo.³¹

Kontreman ak anpil lòt peyi nan rejyon Amerik Latine ak Karaib la, Ayiti pa genyen yon sistem fonsye, kote ti kiltivatè ekziste ansanm ak gwo kiltivatè. Aprè endepandans nan 1804, yon gwoup *rentiers* iben te devlope, yo te kontante yo de lwaye yo t'ap resevwa nan vil la tankou nan pwovens, konsa yo kite ti kiltivatè andeyò yo pou yo konbat pou yo viv.³² Anplis, jounen jodi a, kiltivatè ki pi pòv yo pa pwodwi pou konsomasyon pa yo, men pito, yo kiltive rekòt ki gen plis valè pou yo ka vann, e yo pran lajan an pou y'achte pwodwi ki bon mache nan mache lokal yo. Se sèlman kilivatè ki gen pi gwo lanjan ki konsantre sou pwodiksyon pou kay pa yo.³³

Ayisyen k'ap viv nan seksyon riral yo jeneralman gen mwens aksè a tè ak animal yo gade. Katreven pousan moun nan zòn riral yo jwenn aksè a tè swa paske se yo ki met tè a, ou swa paske yo lwe tè a, ou swa paske yo fè pati konbit; 82 pousan nan jaden yo se mèt yo ki travay ladan yo; epi 70 pousan kay nan zòn riral yo pwatike kiltivasyon. Preske 80 pousan pwatike elvaj betay, ek gade bèt sèvi kòm yon fòm kanè bank (vann bèt se yon fason pou jere chòk).³⁴

Soudevelopman teknolojik se yon pwèn kle nan agrikilti Ayisien. Pi fò kiltivatè sèvi ak zouti men, tankou manchèt ak wou. Plis pase 90 pousan pa gen aksè a pèstisid ou angrè (pwodwi oganik tou) epi mèm nan pami kiltivatè ki pi byen, 64 pousan pa sèvi ak angrè e 87 pousan pa sèvi ak pèstisid. Pliske kiltivatè yo pa jwenn aksè a sevis finansyè yo pa kapab jwenn entran an deyò bitasyon an. Selman 4 pousan gen yon kont epay fomel. Epi selman 11 pousan di ke y'ap resevwa kredi.³⁵

Nan chak dis kiltivatè gen yon sèl ki gen aksè a irigasyon. Lèfini pa genyen anpil kiltivatè ki gen aksè sou rechèch agrikòl ak sevis ekstansyon, malgre gen anpil demann pou sa. Paske pa te gen sipò leta ak donate, yon te gen 50 sant desantralize rechèch agrikòl ak fomasyon ki te etabli nan peyi a nan ane 1980 yo, yo te gentan vinn kraze nan ane 2000 yo. Jounen jodi a gen sèlman 20 ki rete, lèfini se pa tout ki bay kiltivatè yo bon sevis oubyen resevwa kontwole regilye Ministe Agrikilti, Resous Natirel, ak Devlopman Riral (MARNDR).³⁶

Aprè kiltivasyon, pa gen anpil okazyon pou jwenn lòt travay. Pa gen anpil bagay k'ap fèt nan prepare pwodiksyon agrikòl yo - yon mwayen ki t'ap pi fasil pou moun ki pa nan kiltivasyon tè - kòm anbagò ane 1990 yo ak yon konpetisyon entènasyonal tranchan bese grad yo nan klas antrepriz riral yo. Se kèk ti antrepriz ki pa jween yon bon soupi lete ki rete.³⁷

Se pa souvan ke nou tande vwa Ayisien pov yo nan zòn riral yo lè politik ki te ka deside si yo ka bay pitit yo manje ou pa ap fet. Gen kèk asosyasyon pwodiktè fò sitou nan Latibonit, men pi fò oganizasyon sa yo bay yon estrikti fèb pou pataje opinion kiltivatè yo oubyen pou amelyore pouvwa kiltivatè yo genyen pou yo machande pwodwi yo nan mache yo. Plizye asosyasyon kiltivatè ki byen oganize angaje nan aktivite defans, men zafè fè règleman rete plis pou boujwazi an e pòt anpil prejije kont pwovens yo.³⁸ Kiltivatè Ayisien yo kwe Leta pa vle yo devlope oganizasyon ki fò. La lwa Ayisyen garanti demokrasi ak

libète pou fè rasanbleman, kòm yon kiltivatè Atibonit te di “Demokrasi komanse ak twa repa pa jou. Se youn oubyen de nou mèm nou jwenn.”³⁹ Oganizasyon fanm yo pèmèt manm yo defann enterè yo, men le plisouvan gason yo domine oganizasyon miks (gason ak fi) yo.⁴⁰ Oganizasyon ki fò ki reprezante moun nan zòn riral yo, asosyasyon kiltivatè, konbit, ak gwoup fanm, kay bay sitwayen Ayisyen mwayen pou yon rann Leta responsab.

Gouvènman ak boujwazi e pou boujwazi

Istwa d’Ayiti se yon istwa ki chaje avèk viktwa ak penitans. Li komanse le esklav Afriken yo te ekzile kolon yo pou yo pran libète yo. Men preske imedyatman aprè etablisman nasyon an yon boujwazi atoufe ki kontwole pi fò nan richès peyi a, epi sèvi ak enstitisyon leta pou’l kenbe pozisyon privileje’l.⁴¹

Kòm gouvènans te pote anpil prejije kont pwovens yo ak sitwayen pov yo. Pi fò Ayisyen nan zòn riral yo demontre yo pa fè moun k’ap dirije peyi a konfyans. Lè se leta ki dirije pwogram yo “se lave men siye atè” yon habitan nan riral la te di.⁴² Kiltivatè Ayisyen yo evite an afè avèk enstitisyon fòmèl kòmmande tè yo - yon rezo apantè, jij, ak avoka. Lang - Kreyòl ak Franse - ranfose divizyon ki ekziste ant leta ak sitwayen nan zòn riral yo. Franse se lang ofisyèl ki peyi itize nan lwa ak politik piblik, tandiske 90 pousan popilasyon an pale Kreyòl selman. Yon etid ke gouvènman te fè nan ane 1997 te montre ke selman 5 pousan transaksyon tè nan zòn riral yo te enskri nan sistèm legal fòmèl. Men nan zòn Latibonit papye tè gen plis rekonesans paske tè yo gen plis valè e moun yo ap fè diskisyon pou tè pi souvan.⁴³

Sa ki fè bagay yo pi mal se ke koripsyon⁴⁴ retire dwa moun sa yo nan men yo le gen jan de diskisyon sa yo. Mèm le kiltivatè yo jwenn astisans yon avoka ki pale Franse, jij yo pran desizyon ki lès ki mèl tè a pa selon ki lès ki travay li men sou baz ki lès ki ka bay yo plis kòb. Sistèm koronpi sa kreye ensekirite fonsye pami kiltivatè Ayisyen yo.⁴⁵

Leta posede anpil tè nan zòn riral yo. Anpil tè leta rete initil, men selman 5 pousan fanmi nan zòn riral yo anfèm tè leta, epi fèm sa yo reprezante selman 10 pousan plantasyon. Anpil fwa notè yo fasilite vann leta ilegalman, nan fason sa yo vinn privatize resous piblik yo. Dènyèman, gouvènman te pèmèt travayè ki pa gen tè travay tè leta pou kòb.⁴⁶

Pliske gen enstitisyon ki manke sa vinn anpeche Leta reponn a bezwen zòn riral yo. Konstitisyon ki te fèt aprè Divalye [Duvalier] nan 1987 garanti chak Ayisyen dwa a lavi, manje, ak respè. Konstitisyon an bay pwovizyon pou pati lejislatif ak ekzekitif nan nivo nasyonal (*kolektivite teritoryal*) ak depatman (pwovens), *komin* (distrik), ak nivo lokal yo. Malgre kèk eksepsyon estrikti demokratik sa ekziste sou papye selman avek yon biwokrasi ki pa eli k’ap domine nan nivo pi wòch epi pati entemedye yo jeneralman absan.⁴⁷ Telisme Dutelien, majistra Ansavo, yon ti zòn ki nan Depatman Nip, plenyen ke gouvènman pa preske bay resous. Nan premye 2 mwa nan ane 2010 popilasyon lokal

lan vinn ogmante twa fwa lavalè akòz moun ki sòt nan zòn treblemantè a, aprè nan fen Fevriye inondasyon ravaje zòn lan.⁴⁸

Konsidere tout echèk enstitisyonel sa yo, li pa yon chòk pou pèsonn ke nan zòn rural yo anpil byen ak sèvis piblik. Nonselman manke sèvis prensipal agrikòl tankou, rechèch, ekstansyon, irigasyon, ak gesyon resous natirel, men pa gen lekòl leta ak klinik. Selman 51 pousan Ayisyen gen aksè a dlo pwop (konpare ak 70 pousan moun nan zòn iben yo avan treblemantè a). Selman 5 pousan moun ap viv prè yon wout asfalte epi ka pa mèm gen aksè wout tè. Selman youn nan chak dis Ayisyen gen aksè a kouran, epi selman 18 pousan gen aksè sifizan a ijèn.⁴⁹

Minen tè a epi koupe forè yo

Degradasyon resous natirel yo anpeche sèvèman devlopman rural ak agrikòl. Diktati Duvalier an te ankouraje destriksyon sistematik forè Ayisyen yò pou anpeche advese li konstwi baz pou planifye koudeta, pandan ke li t'ap bay alye politik li yo anpil privilèj. Jounen jodi a, 85 pousan fanmi Ayisien ak ti biznis itilize bwa ak chabon sa ki kontribye plis a debwazman. Zafe fè chabon an bay kiltivatè malere yo yon fason pou yo fè kòb pou yo viv.⁵⁰ Ayisyen koupe 12 milyon pye bwa chak ane, men pa gen yon estrateji nasyonal konplè sou rebwazman k'ap sipòte yon ekonomi ki sèvi sitou ak bwa. Sa vinn fè genyen 25 nan 30 valle yo nan peyi a preske finn debwaze net.⁵¹

Konbinasyon debwazman ak min tè epi ak manke anger a swit fè anpil ravaj sou fètilite tè Ayisien an. Pèt forè yo kontribye a yon to ewozyon ki 3 pousan chak ane. Tout kiltivatè Ayisyen nan tout nivo ekonomik rekonèt ewozyon se yon gwo obstak. Epi tou gen yon gwo demann pou sipò nan zafè agwoforesye, men pa gen fon pou soutni efò sa.⁵² Akòz kantite pye bwa ki koupe, Ayiti vinn ekspoze a tanpèt twopikal ak siklòn. Nan 2008, kat siklòn ravaje peyi a youn dèyè lòt. Sa vinn fè glisman teren ki ale avek anpil ekta jadin ak yon santenn pye bwa. De mezi pou redwi risk ak dezastre tankou rebwazman ak yon barikad ki pou amelyore rezestans Ayiti genyen devan move tan k'ap vinn pli mal chak ane.

Ankouraje Fanm yo Antre Nan Zafè Agrikilti

An Ayiti 40 pousan fanmi gen fanm k'ap dirije yo⁵³ epi fanm sa yo enplike nan tout aspè agrikilti. Fanm yo ka pwopriyetè yon tè konsa tou yo ka achte, vann, epi eritye tè, yo kapab kite yon tè pou eritye yo, men kòm li te note avan, fanm yo pa jwi menm dwa ak gason nan zafè eritaj. Gen yon divizyon seks nan sa ki konsène travay nan zòn rural yo, epi kote gen gason prezan yo toujou konsidere yo kòm mèt kay la. Gason yo fè travay lou tankou sèkle ak koupe pye bwa, pwodiksyon kilti espotasyon (kafe, mango, etc.), elvaj gwo betay, ak travay sale. Fanm yo pwodwi pou mache lokal yo, plante ak retire zèb nan jading yo, asire sekirite alimantè nan kay la, epi achte tout lòt bagay kay la bezwen avèk kòb yo fè nan mache a. Fanm yo se yon faktè dominan nan mache domestik yo tou, ni pou moun ki vann an gwo (Madan Sara) ni pou moun ki vann an detay (machann). Fanm kou gason fè

rekòt. Pi fo kiltivatè achte grenn yo nan mache lokal yo, poutèt sa se fanm yo ki achte ak founi grenn yo. Fanmi ki dirije pa fanm olye de gason gen mwens chans rankontre ensekirite alimantè paske pli souvan fanm yo fe komès epi ak benefis komès la yo achte manje mete nan kay la.⁵⁴

Aprè Lesotho se Ayiti ki gen pi gwo pwopòsyon fanm ki nan aktivite ekonomik nan tout peyi k'ap devlope yo. Le plisouvan travayè fanm yo fe fas avèk diskriminasyon nan zafè salè.⁵⁵



Mari Kamel Ribin, a dwat, avèk pitit li Jolenz Nwèl ki gen 8 l'ane ap sekle bitasyon li nan Depatman Nip ki nan sidwès peyi d'Ayiti. Credit: Oxfam America/Coco McCabe.

Eske se yon nouvo tan pou agrikilti k'ap komanse?

Nan ane 2006, apre 2 desenni touman politik ak dekadans ekonomik, yo nouvo gouvènman pran pouvwa epi pwomet anpil chanjman politik k'ap amelyore sekirite, redwi la mizè, epi elve devlopman ekonomik. Nan 2007 yon seri konsiltasyon san presedan ki te gen ladann kòminote lokal yo ak donatè yo adopte yon estrateji nasyonal pou redwi la mizè. Estraji sa idantifye agrikilti kòm yon vektè principal pou devlopman ekonomik ak rediksyon la mizè.⁵⁶ Nan ane 2008, avèk konsevasyon priyorite ki te etabli yo, nan jefò pou jwenn yon pi bon pri mondyal pou diri, Leta envesti 43 milyon dola pou amelyorasyon enfrastrikti ak sibvansyon angrè pou ogmante pwodiksyon domestik.⁵⁷ Donatè yo te bay 27 milyon dola pou ed agrikilti, sòm sa senk fwa plis pase sa to te bay nan l'ane 2006 epi de fwa sa yo te bay nan l'ane 2007.⁵⁸ Malgre tanpèt twopikal yo nan ane sa te lakòz anpil pèt agrikol Ayiti te benefisyè yon rekòt nan l'ane 2009 kan mem ⁵⁹ epi li te parèt ke Ayiti t'ap antre nan yon nouvo epòk, ki t'ap genyen plis konsantrasyon sou devlopman riral ak vwa sosyete sivil.

Konsekans Tranblemanntè

a

Gwo treblemanntè a ki te pase 12 Janvye 2010 la te gen yon efè sevè sou lavi, sekirite manje, ak agrikilti nan peyi d' Ayiti. Li touye 220,000 moun epi'l blese yon lòt 300,000 moun (tout viktim sa yo fè 5 pousan popilasyon an). Ekonomi peyi a te fè defisi 7.8 milya dola akòz tranblemanntè a. Tremblemanntè a te deplase 2.3 milyon moun epi li 4 milyon moun bezwen asistans manje paske yo te pèdi travay yo. Lanmò preske 25 pousan manm sèvis sivil ak blese lòt, sa te vinn bloke kapasite gouvènman an pou'l reponn a bezwen sa yo.⁶⁰ Nan zòn iben tremblemanntè a, ki pati Pòtoprens ak banlye li, Leogane ak Jakmèl, anpil viktim t'ap viv oswa travay nan kay ki te mal konstwi. Yon milyon edmi moun deplase al rete nan kan oswa tou prè oubye nan kapital la. Trembleman de tè a te gen yon efè direk sou zòn riral yo e plis ankò li ten gen yon efè endirek atravè depasman 600,000 moun vè pwovens yo.⁶¹

Andedan zòn tranblemanntè a domaj ki te fèt sou wout, pon, pò, ak ayewopò nan Pòtoprens pa te ka gen mwayen pou vann manje ki fet nan peyi a ou livrezon manje ak lòt asistans ki te soti a letranje. Tout domaj sa yo fè pri lokal yo monte nan moman anpil moun te pèdi sous revni yo.⁶² Tranblemanntè a afekte 100,000 fanmi (500,000 moun) nan pati riral zòn lan, epi 29 pousan kiltivatè pedi kay yo. Yo pedi egalman zouti, ekipman, ak lokal depo e irigasyon te sibi anpil domaj. Trann de pousan nan kiltivatè ki te afekte yo pedi stòk angrè yo ki te retade sezon plantasyon prentan an, pandan ke 4 pousan kiltivatè pedi bèt. Gwo inondasyon èd manje entenasyonal la nan mwa fevriye te desann pri manje epi soulaje aksè manje pou moun yo ki t'ap resevwa distribisyon dirèk ak yon milyon moun ki te enskri an pwogram *cash-for-work* yo. Sepandan, rediksyon rapid sa te gen yon efè nègatif sou pri manje.⁶³

Repons imanité an te reyisi founi manje ak nitrisyon ijans,abri, dlo potab, ijèn, swen sante, ak edikasyon bay moun ki te pi afekte yo.⁶⁴ Jeneralman èd alimantè ki te bay - san dout yon nesese- te soti lòt bo dlo. Pa ekzanp, Etazini te founi 173 milyon dola asistans depi le tranblemanntè a te frape jiska Jiye 2010. Montan sa responsab preske 60 pousan tout ed alimantè ki te bay, ansanm avek 16 pousan tout asistans imanite Ameriken te bay aprè trembleman de tè a. Nan 173 milyon sa a, 72 pousan (125m) te konsiste ak manje ki te pwodwi nan Lezetazini ki te founi jeneralman pa Pwogram Alimantè Mondyal Nasyonzini. Rès asistans Ameriken an te nan fòm lajan kredi ak tranfènan yon pou Pwogram Emèjènsi sou Sekirite Alimantè Etazini genyen.⁶⁵ Lezetazini - pi gwo donatè èd alimantè nan lemonn - finalman komanse avanse yon pratik ki pi miyò, kote èd manje yo p'ap konpoze avèk selman pwodwi donatè yo, men ap gen ladan yo lajan pou achte manje nan peyi oswa nan rejyon k'ap resevwa èd la lè sa fè plis sans (lè manje disponib nan mache lokal, epi make yo ap fonsyone e lè pri yo p'ap

monte rapidman). Pli souvan lajan sa al jwenn moun ki pi bezwen èd yo direkteman.

Lot donatè konsantre yo plis sou acha lokal pou bay èd a manje. Pa ekzanp, Kanada sipòte Oxfam nan founi "bwat manje" bay 10,000 fanmi (preske 50,000 moun) ki te fèt avèk pwodwi lokal selman (banann, diri peyi, pwa, mayi, yanm, kasav, mamba, ak patat) e te gen yon valè de 500,000 dola.⁶⁶ Dènyèmman la Frans ki te konn servi ak rekòt pa li pou bay èd entenasyon bay PAM fon pou-l achte mayi nan Dèpatman Nò peyi d' Ayiti pou itilize nan pwogwam manje lekòl (kantin skolè). Bank Mondyal te ede gouvènman an achte lèt lokal pou kantin skolè. Apre 31 Mas Leta ensiste yon pi gwo kantite ed alimantè dwe soti nan plantasyon Ayisyen epi distribisyon manje dwe kanpe pou plis jèfo pou vize gwoup ki pi fèb yo tankou timoun lekòl. Tel èfo te kontinye pou rive jwenn 1 milyon timoun.⁶⁷ "Moun ki te reponn yon sondaj Oxfam te fe mete sipo pou pwodiksyon lokal pami kat asistans entèvensyon ki pi enpotan (avek travay, edikasyon, ak abri)."⁶⁸

Efè prensipal trembleman de tè a sou pati riral Ayiti pa soti nan kay ki kraze, nan wout ki bouche, men yo soti pito nan gwo mas moun ki kite zòn trembleman de tè a pou ale nan zòn riral yo pou al viv avek fanmi yo. Sa vinn mete plis chay sou resous alimantè ak forè ki te deja fèb. Anpil fwa fanmi sa yo te deja soufri ensekirite alimantè. Sa espesyalman pou fanmi nan Latibonit ak Depatman Nòdwès, ki te akeyi plizye mil paran. Anpil fwa arive moun sa yo te fè fanmi andeyò yo pran lòt mezi serye pou te okipe tout moun sa yo. Yo oblije vann bèt ak lòt byen yo te genyen. Lòt moun oblije redwi ti manje yo te genyen oubyen yo chanje rejim yo, chèche travay, anplwaye mwens moun pou travay avek yo, epi koupe plis bwa pou fè chabon. Preske 160,000 moun te kouri ale sou frontyè Repiblik Dominikèn - pli souvan yo ale nan kominote pòv yo- epi mete anpil chay sou sevis lokal yo tankou lekòl, klinik, ak dlo potab. Fanmi ki nòmalmman te gen kat ou senk moun nan kay la vinn genyen twa fwa plis moun.⁶⁹ Menm kantite moun sa al Latibonit epi anpil nan yo ale nan zòn ki te gen yon gwo pwopòsyon la mizè ak ensekirite alimantè.⁷⁰

Nan mwa Dout, plis pase sis mwa apre trembelman de tè a, preske 40 pousan moun ki te kite zòn trembleman de tè a te retounen Pòtoprens, paske fanmi yo nan pwovens pa't gen mwayen pou yo okipe yo epi tou paske te manke travay ak bon lekòl nan zòn riral yo. Pli souvan moun yo nan fanmi deplase yo ki t'ap travay fè vwayaj ant kapital la ak pwovens yo pou yo cheche opòtinite ekonomik ak edikatif pandan ke rès fanmi an rete nan pwovens. Kek pwogram ijans cash-for-work nan zòn kote moun deplase yo rete siblè mem moun sa yo pou enskri yo nan pwogram sa yo.⁷¹ Kòm Leta manke pwogram pwoteksyon sosyal nan peyi a sa vinn mete ni moun deplase yo ak fanmi yo nan pwovens nan detwa difisil.

Gwoup ijans Agrikilti ki te dirije pa (FAO) Oganizasyon Manje ak Agrikilti Nasyonzini ak MARNDR epi ki gen ladann'l 170 òganizsyon non-gouvènmantal ak ajans entenasyon te òganize distribisyon angrè, zouti, ak semans (gade Tab 1) bay 74,000 fanmi riral nan zòn tranblemanntè a. Mem kantite-a te distribye bay 68,000 fanmi an deyò

